# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 2-июльдағы 01-07/1-1680-санлы тапсырмасын орынлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 22-июньдағы «2021-2022-оқыў жылында Өзбекстан Республикасының Жоқары билимлендириў мәкемелерине оқыўға қабыл етиўдиң мәмлекетлик буйыртпасы параметрлери ҳаққында»ғы ПҚ-5157-санлы қарарынан келип шығатуғын ўазыйпалар ҳәмде республикамыздағы жоқары билимлендириў мәкемелерине қабыллаўды жоқары дәрежеде шөлкемлестириў хаққындағы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен усы жылдың 2-июль күни өткизилген мәжилистиң 1-санлы баянламасында Халық билимлендириў министрлиги тараўына берилген тапсырмаларды басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен усы жылдың 2-июль күни өткизилген мәжилистиң 1-санлы баянламасында Халық билимлендириў министрлиги тараўына берилген тапсырмалар басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. **Кадрлар бөлими** (С.Жуманиязов) Мәмлекетлик тест орайы менен шәртнама дүзген топар бақлаўшыларының белгиленген мүддетлерден кешикпестен тест сынаўларында қатнасыўын тәмийинлесин.

3. **Улыўма орта билим бериў мектеплери жумысларын муўапықластырыў бөлими** (М.Асеметдинов) 2020-2021-оқыў жылында улыўма орта билим бериў мектеплериниң питкериўшилери ҳаққында*(фамилиясы, аты, атасының аты, туўылған ўақты, паспорт сериясы, номери, жеке идентификация номери, аттестат серия ҳәм номери көрсетилген)* мағлыўматлардың белгиленген мүддетте Мәмлекетлик тест *орайының бағдарламасына киритилиў илажларын көрсин.*

4. **Педагогикалық-психологиялық диагностика жумысларын шөлкемлестириў секторы** (Е.Нуртаев) **на:**

район(қала) ҳәкимликлери менен биргеликте Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 11-ноябрьдеги 715-санлы қарарына муўапық 2021-жыл 2-июльдан 25-июльға шекем (*усы күннин өзи де*) кәсип-өнер мектеплерине усы жыл 9-класс питкериўшилериниң ҳүжжетлерин онлайн *(www.kasb.edu.uz электрон платформасы арқалы)* қабыл етиў процесин шөлкемлестириў ҳәмде кәсипке бағдарлаў жумысларын әмелге асырыў;

тараўында профессионал билимлендириў мәкемелери болған (колледж ҳәм техникум) министрликлер ҳәм мәкемелери менен биргеликте улыўма орта билим бериў мектеплериниң 11-класс питкериўшилери ушын кәсипке бағдарлаў жумысларын шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. **Барлық район(қала) халық билимлендириў бөлими баслықларына, Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

Жоқары оқыў орынларына кириў ушын өткерилетуғын тест сынақларында бақлаўшы сыпатында қатнасыў ушын Мәмлекетлик тест орайы менен шәртнама дүзген топар бақлаўшыларының белгиленген мүддетлерден кешикпестен тест сынаўларында қатнасыўын тәмийинлеў илажларын көриў;

2020-2021-оқыў жылында улыўма орта билим бериў мектеплериниң питкериўшилери ҳаққында *(фамилиясы, аты, атасының аты, туўылған ўақты, паспорт сериясы, номери,*

*жеке идентификация номери, аттестат серия ҳәм номери көрсетилген)* мағлыўматлардың белгиленген мүддетте арнаўлы сайтқа толық киритилиўин тәмийинлеў;

район(қала) ҳәкимликлери менен биргеликте Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 11-ноябрьдеги 715-санлы қарарына муўапық 2021-жыл 2-июльдан 25-июльға шекем (усы күннин өзи де) кәсип-өнер мектеплерине усы жыл 9-класс питкериўшилериниң ҳүжжетлерин онлайн *(www.kasb.edu.uz электрон платформасы арқалы)* қабыл етиў процесин шөлкемлестириў ҳәмде кәсипке бағдарлаў жумысларын әмелге асырыў;

улыўма орта билим бериў мектеплериниң 11-класс питкериўшилери ушын кәсипке бағдарлаў жумысларын шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы.
2021-жыл 06-июль
167 - санлы